



Sendwòm Down ak Fòmasyon pou Twalèt



Boston Children's Hospital
Pwogram Sendwòm Down

Felisitasyon! Si w ap li sa, petèt ou ap panse sou fòmasyon twalèt epi mande kijan pou w prezante pitit ou ak twalèt la. Petèt ou deja achte yon ti po oswa yon adaptè pou twalèt la epi ou te kòmanse itilize li. Petèt ou ap mande si, ki lè, oswa kijan pou kòmanse pwosesis la, epi si li pral diferan pou pitit ou ki gen sendwòm Down. Gid sa a ap ba ou enfòmasyon pou ede w demare fòmasyon twalèt pitit ou. Kidonk, pare, mete, ALE!

ÈSKE PITIT MWEN KI GEN SENDWÒM DOWN KA APRANN ITILIZE TVALÈT LA?

Tankou kamarad yo ki devlope nòmalman, timoun ki gen sendwòm Down gen anpil kapasite diferan. Pifò ap rive sou etap devlopman yo, men sou pwòp ritm ak tan pa yo. Pifò timoun ki gen sendwòm Down kapab aprann sèvi ak twalèt la, epi yo ka reyalize etap devlopman enpòtan sa a avèk siksè. Ou pral remake ke konsiderasyon devlopman paran yon timoun san sendwòm Down yo ap aplike pou ou menm ak pitit ou tou pandan n ap kòmanse vwayaj sa a pou rive jwenn kontwòl pipi ak poupou. Menm jan an tou, pasyans, fleksibilite, konsistans, repètisyon ak imè kontribye nan yon pwosesis ki gen chans reyisi pou nou tou de.

KONSIDERASYON DEVLOPMANTAL

Pandan ane tibebe oswa preskolè, timoun yo natirèlman bezwen fè paran yo oswa moun k ap okipe yo plezi epi imite sa yo wè. An menm tan, yo kòmanse reyalize yo endepandan de paran yo epi kòmanse egzèse otonomi yo nan anviwònman yo. Yon fwa timoun nan vin gen konsyans tèt li epi konprann sa ou espere, fòmasyon twalèt vin pi fasil. Mete jwèt nan pwosesis la ap ogmante koperasyon epi redui lit pouvwa natirèl ki vini ak etap sa a nan devlopman. Lè ou konprann e adapte w ak de aspè sa yo, ou ka anseye twalèt san estrès.

Kòmanse pa evalye kapasite pitit ou pou li pare. Si pitit ou a pa montre siy ki anba yo, pi bon bagay ou ka fè se rete pasyan, veye siy yo, epi prepare baz ki solid pou ou ka kòmanse.

EVALYASYON LADRÈS POU PREPARASYON.

Konsiderasyon jeneral

- Konbyen tan pitit ou a kapab rete sèk? Yon bon fason pou detèmine sa se obsève pitit ou pandan tout wikenn lan, epi chak lè li reveye, note si li sèk oswa mouye. Kòmanse pa tcheke chak èdtan. Si li toujou mouye, tcheke pi souvan (jiska chak 15 minit) pou ka gen yon referans.
- Èske pitit ou vèbal? Èske pitit ou a gen yon mwayen pou l kominike yon bezwen swa pa siy, jès, ekspresyon vizaj, oswa lòt fòm kominikasyon? Li enpòtan pou konnen ke timoun pa oblije pale pou yo kòmanse aprann ale nan twalèt.
- Èske pitit ou a ap mache poukont li? Sa pa anpeche li aprann ale nan twalèt, men si li pa ka ale oswa chita sou twalèt la poukont li, w ap bezwen adapte w.
- Èke pitit ou a bezwen èd pou mete rad sou li? Èske pitit ou a ka rale pantalon leve, li desann poukont li? Sa ka ba nou yon lide sou nivo ladrès pou pitit ou a fè mouvman.
- Èske pitit ou a konsyan de pwosesis fè bezwen an? Pa egzanp, èske pitit ou ka montre lè li bezwen ale? Èske li avèti ou anvan oswa apre li fè pipi oswa poupou sou li? Èske li fè ou konnen li bezwen chanje lè li pote ou yon kouchèt oswa li eseye wete kouchèt li si li sal oswa mouye? Aksyon sa yo endike yon konsyans sou pwosesis fè bezwen yo.
- Èske pitit ou a pipi oswa fè poupou regilyèman? Èske li rete sèk pandan li fè ti dòmi? Èske li kache oswa li mande pou l pou kont li lè li fè poupou? Enfòmasyon sa a ap ede w fòme yon plan ki adapte pou pitit ou.

Ladrès kominikasyon pou preparasyon

Timoun nan bezwen gen yon fason pou montre li pa alèz ak kouchèt li, swa ak pawòl oswa ak siy. Gen kèk timoun ki aprann pi byen lè l sèvi avèk yon konbinezon de foto (tankou Sistèm Echanj foto a, PECS) ak langaj pale. Gen lòt ki sèvi ak siy pou di "twalèt" anvan ak pawòl. Teknoloji ki baze sou kominikasyon ogmante kapab tou itilize. Gen kèk timoun pafwa ka pa mande ditou pou ale nan twalèt epi yo konn ale poukont yo.

Ladrès mouvman pou preparasyon

Pou yon timoun ki ka mache, etap ki enplike nan itilize twalèt sa ki antoure twalèt la gen ladan mache ale nan twalèt la, desann pantalon, chita sou twalèt la, ap detann, pouse (ale), depoze, leve sou twalèt la, rale pantalon moute, flòch ak lave men. Èske li ka bese ak chita poukont li oswa li bezwen èd pou monte oswa desann twalèt la? Èske pye li manyen tè a oswa li pandye? Èske li oblije fè efò pou l pa glise nan twou a sou chèz twalèt la? Pou timoun ki pa mache, ekipman twalèt adaptasyon (souvan pi byen evalye pa yon terapis fizik) ka nesèsè pou jwenn ase konfò pou detann epi yo dwe adapte ak twalèt la. Yon baz fèm pou pye timoun nan repoze ak yon chèz konfòtab, ki estab pou chita sou li, ede aliyen kò a, ankouraje detant epi fè li pi fasil pouse soti nan entesten.

Ladrès mantal pou preparasyon

Pitit ou bezwen konprann sa ou ap mande l epi li dwe ka swiv enstriksyon yo. Premye etap la se rekonèt po a kòm yon chèz epi yo vin konfòtab chita sou li. Dezyèm etap la se konprann poukisa yo itilize po a. Aprann koneksyon sa a ka pran kèk tan. Pitit ou bezwen atansyon ase pou li remake si li bezwen ale, kenbe li, epi ale twalèt. Lè timoun nan chita sou twalèt selon orè (pa plis pase 5 minit) se yon pati enpòtan pou prepare li pou reyalize sa ak siksè. Nan kòmansman, sa ede timoun nan abitye ak twalèt la, pa paske li mande chita.

Ladrès sosyal / emosyonèl pou preparasyon

Byen souvan, timoun piti yo vle menm jan ak paran yo, e yo vle fè yo plezi. De faktè sa yo ka itilize nan avantaj ou lè w ap pare yo travay sou pwosesis fòmasyon al nan twalèt. Menm jan ak pifò nouvo bagay, konsistans ak repetisyon yo se de kondisyon kle. Si gen anpil estrès oswa enkyetid oswa lòt nouvo chanjman k ap pase nan kay la (sètadi, nesans yon nouvo frè/sè, deplase nan yon nouvo kay, chanje nan woutin nan lekòl la oswa nan kay la), li ka pi bon pou ret tann anvan ou kòmanse pwosesis la.

Sonje jan nou te di pi bonè yon timoun pare pou fòmasyon twalèt souvan vle plis otonomi/oswa endepandans? Se lè sa a YO reyalize yo kapab di "non" tou! Lè ou konprann faz devlopman nòmal sa a, ou ka pare pou li epi ba yo plis kontwòl nan lòt aspè nan lavi yo (sa yo vle mete, yo vle gen kawòt oswa pwa, yo vle dòmi ak lapen yo boure oswa chat boure yo), Se konsa, ke yo pa pral gen anpil chans reziste ak fòmasyon twalèt la. Anplis, si gen bagay ki pa ta sou kontwòl yo (tankou oblije pataje yon paran ak yon nouvo frè oswa sè, oubyen pwofesè yo an konje matènite), sa ka lakoz yo reyaji mal nan lòt sitiyasyon tankou fòmasyon twalèt. Pwogram chak timoun ta dwe baze sou kapasite ak ladrès li deja genyen. Pou kèk timoun, estrès pou yo vin yon "gwo ti gason" oswa "gwo ti fi" ka lakoz yo refize oswa regrese. Pou timoun sa yo, chanjman gradyèl travay pi byen, tankou Kenbe kouchèt sèlman nan twalèt la ak di li ti bravo dousman lè l fè yon bagay byen.



DIS ETAP POU YON FÒMASYON TWALET KI REYISI.....

ETAP 1: Fè chanjman kouchèt vin mwens amizan

Lè pitit ou a te yon ti bebe, chanje kouchèt se te yon "tan espesyal" bay rekonfò, lyezon ak jwe. Kounye a pitit ou pare pou twalet la, pa fè tan chanje kouchèt la trò amizan. Pale mwens, mete aksan sou objektif la, epi fè chanjman kouchèt nan twalet la pandan timoun nan kanpe. Sa ap fè timoun nan konprann ke se sèlman nan twalet nou fè pou pou ak pipi.

ETAP 2: Jwenn yon po

Anpil fanmi achte yon po lè pitit yo gen anviwon 2 zan. Menm si timoun nan poko pare pou fòmasyon, sa ap mete baz pou li. Timoun ki pi gran yo ka chwazi si yo vle yon ti po oswa yon aswa pou twalet la. Si ou itilize yon aswa pou twalet la, asire ou gen yon ti mach eskalye kote pye pitit ou ka repoze byen (gen tou sistèm ki entegre aswa ak ti mach). Mete po a nan twalet la epi kite yo chita sou li pou yo jwe oswa pandan ou menm w ap chita sou twalet la. Eseye pa mete yo sou twalet la oswa sou po a sof si yo pa kapab fè sa pou kont yo, paske sa ka lakoz yo fè rezistans. Si yo refize, ofri yo chwa: kounye a oswa nan de minit; oswa sèvi ak teknik tranzisyon (tankou yon revèy vizyèl, sistèm "sa a/le sa a" oswa yon orè vizyèl). Eseye jwe ak jwèt, li liv, chante, oswa koute mizik. Bay etikèt, gwo senk, oswa lòt ankourajman senp ki pa chèn oswa ki baze sou tan pou ankouraje yo kolabore.

IDE POU RIVE FÈ YON TAN CHITA	ANKOURAJMAN KI BAZE SOU TAN / KI PA CHÈ
Li	Jwe jwèt pitit ou pi renmen
Chante	Fè yon fèt te
Sèvi ak jwèt pou soufle (vanèt, ti jwèt fèt, siflèt)	Gade yon videyo komik sou YouTube
Koute mizik	woze zong yo
Gade foto nan telefòn ou	Rete leve 15 minit pi ta nan aswè a
Jwe yon jwèt nan telefòn ou	Fè yon wonn bay kout pèn senk
Jwe ak yon jwèt espesyal	Rele yon fanmi oswa yon zanmi

ETAP 3: Ankouraje abiye ak dezabiye

Ede pitit ou abiye ak dezabiye. Mete rad ki fasil pou mete oswa retire, tankou pantalon ak senti elastik, jip oswa rad, fè pwosesis la pi fasil. Kite pitit ou pratike mete ak retire "kouchèt" yo.

ETAP 4: Evite konstipasyon

Sonje, menm si timoun yo motive pou fè paran yo plezi ak reyalize fòmasyon twalet, yo pi motive pou evite doulè; kidonk, toujou tcheke si yo pa konstipe lè ou obsève jan pou pou a sòti, konbyen fwa, ak kantite a. Pou pou pou kont li pa vle di timoun nan pa konstipe. Si ou kòmanse wè pou pou ki pi di, nan ti kantite, oswa twòp, oswa si frekans lan chanje, fè doktè pitit ou konnen. Si pitit ou kòmanse reziste oswa evite ale nan twalet la, oswa leve janm li pandan li fè pou pou, sa ka yon siy pou ou veye plis pou konstipasyon.

ETAP 5: Ankouraje imite

Fè li amizan!! Eseye fè pitit ou pratike chita sou po a pandan ou menm chita sou twalet la. Sèvi ak bèt boure oswa poupe epi pretann yo ap aprann itilize twalet la tou. Gen kèk poupe ti bebe ka "bwè" boutèy plen dlo epi apre sa pipi nan yon po jwèt. Istwa sosyal oswa videyo-modèl sou itilizasyon twalet la, ke ou ka jwenn gratis sou Entènèt oswa kreye pou tèt ou, ka itil tou.

ETAP 6: Pratik regilye

Konsistans ak repetisyon se kle pou reyisi! Kòmanse ak yon sesyon 5 minit chita pa jou, epi kite pitit ou mete revèy la pou santi li gen kontwòl. Lè pou benyen souvan yon bon moman pou sa, paske pitit ou deja dezabiye. Apre sa, fè yon chita 5-10 minit apre manje pou pwofite reflèks gastwo-kolik (manje antre, pou pou soti), oswa anvan/apre syès oswa lè dòmi lannuit. Chwazi yon lè ki bon pou ou epi kote ou pa prese, pou pitit ou gen plis chans reyisi. Finalman, mete rapèl vèbal oswa san pawòl, men sèlman chak 2 èdtan.

ETAP 7: Siye epi lave men

Pitit ou a ka deja aprann lave men. Aprann siye se anjeneral yon konpetans ki vini piti piti. Gen kèk timoun pito siye ak papyè mouye olye papyè twalèt, pandan lòt yo pa renmen santi mouye a. Kòmanse fè yo siye pou dènye fwa (apre ou fin netwaye nèt), apre sa fè yo fè dènye-dezyèm siye a, elatriye, jiskaske yo pran tout pwosesis la poukont yo. Ou ta dwe tcheke nan fen pou di yo si yo byen netwaye. Kontwòl mouvman ka fè pwosesis la pi difisil, epi gen kèk timoun ka jwenn li itil pou mete yon glas long nan twalèt la pou yo ka wè sa y ap fè.

ETAP 8: Mete kilòt

Fikse yon "lè pou kilòt"! Nou rekòmande pou kòmanse sa yon fwa pa jou apre yon timoun kapab sèk pou 2 èdtan alafwa. Yon bon moman pou aplike sa a se apre yon chanjman kouchèt oswa yon siksè sou twalèt la. Si ou kouri antre nan rezistans, eseye fè yo mete kilòt pandan yon fim pi renmen. Piti piti pwolonje tan sa a nan peryòd ki pi long nan kay la anvan ou eseye li deyò nan kay la. Yon fwa pitit ou a ka sèk 50% nan tan an, li dwe pare pou mete kilòt tout jounen an.



ETAP 9: Ankouraje endepandans

Pitit ou a ap ale poukont li lè li pare. Anvan sa, kontinye fè li sonje. Ti rapèl anvan ou kite kay la, ale deyò pou jwe, gade televizyon oswa jwe yon jwèt òdinatè ka itil. Pou yon timoun ki reziste rapèl paran yo, konsidere eseye yon alam oswa FitBit (tcheke ke FitBit ou ka pwograme plizyè fwa pandan jounen an). Sonje pou bay ase lwanj (men pa twòp) lè pitit ou a itilize twalèt la.

ETAP 10: Mete tout ansanm

Fòmasyon pou sèvi ak twalèt la fini se:

- Vin okouran de siyal la pou itilize twalèt la.
- Lè ou kapab "kenbe", di oswa ale nan twalèt la.
- Dezabiye, monte sou twalèt la, ale, siye, abiye, floche, ak lave men.

Jiskaske etap sa yo otomatik, li enpòtan pou sipòte ak ranfòse pwosesis la.

Yon Sistèm Echanj Foto oswa istwa sosyal ka itil pou pitit ou. Yon orè vizyèl ki afiche sou miray twalèt la oswa chante yon chante sou etap yo mande yo ka itil tou.

Jwe ak chante tou bon zouti pou anseye.

Fleksibilite, adaptasyon, repetisyon ak konsistans yo se eleman kle nan nenpòt pwogram fòmasyon twalèt ki reyisi!

WÒL PARAN

- bay direksyon, motivasyon ak akseptasyon kòm pitit ou a aprann.
- Modèl pwosesis la lè ou pèmèt pitit ou akonpaye ou nan twalèt la.
- Elimine nenpòt ekspresyon desepsyon kòm si yon aksidan pral rive!
- Kraze pwosesis la desann nan ti etap ki fasil pou reyalize.
- Sonje ke objektif inisyal la pa ta dwe konplete fòmasyon an nan yon jounen men akizisyon gradyèl nan chak konpetans (rekonesans nan ankourajman, rive la, dezabiye, lage, elatriye) jouk tout ladrès yo ka mete ansanm e ke ladrès sa yo pa bezwen aprann yo nan lòd. Si ou sanble w ap kole sou yon etap patikilye, eseye yon lòt etap epi lè yon sèl reyalize, tounen nan sa ki te bay pwoblèm nan. Esye kenbe momantòm siksè a!
- Remake siyal pitit ou a, epi si ou remake rezistans oswa retou, retounen nan etap avan an.
- Bay kontinwite plan ak woutin fòmasyon twalèt la lakay ak lekòl.
- Asire w ke pitit ou a pa gen konstipasyon.

ESTRIKTI APWÒCH OU

Timoun aprann pi byen ak yon apwòch pozitif. Ou ka pwofite dezi pitit ou a pou fè plezi epi reponn a rekonpans. Sèvi ak ranfòsman pozitif pou chak etap twalèt epi reziste anvi pale de desepsyon.

Evite itilize gwo rekonpans tankou yon vwayaj nan Disney World, paske sa yo pa efikas. Pi bon ranfòsman yo se ankourajman ki pa chè oswa ki baze sou tan (gade tab pi wo a). Souvan nou jwenn tan espesyal pou timoun pase poukont yo ak yon paran pou fè yon aktivite yo chwazi (pa egzanp, li yon liv siplemantè ansanm) se sa ki gen plis valè pou yo.

Sonje twòp rekonpans ka parèt tankou presyon, kidonk mezire rekonpans ou jan sa nesèsè.

Pa sezi si ou rankontre retou oswa rezistans pandan w ap avanse. Tou de yo komen epi yo ka afekte lòt aspè nan lavi pitit ou a. Si sa rive, esye idantifye kòz la (twòp presyon, yon tibebe ki fèk fèt, yon vakans, yon operasyon, yon maladi, oswa yon konfli maryaj) epi ajiste jan sa nesèsè.

BARYÈ POTANSYÈL

Kòmansman lekòl, nouvo ane lekòl, oswa chanjman lekòl, pwofesè, oswa salklas ka difisil pou kèk timoun. Gen kèk timoun ki gen difikilte pou adapte yo ak tranzisyon sa yo, epi jere aprantisaj ak ansèyman lòt matyè ansanm ak aprantisaj sou itilize twalèt la. Pou kèk timoun, plis estrès nan anviwònman sa yo ka lakòz yo pipi pi souvan oswa kenbe poupou, sa ki ka mennen nan konstipasyon ak pa kenbe poupou.

Se ou ki pi konnen pitit ou! Pa pè fè ajisteman. Gen kèk timoun ki ka vin enkyè sou itilize twalèt oswa kite kouchèt yo, kidonk ou dwe pare pou ajiste plan ou. Gen lòt timoun ki ka reyisi ak yon apwòch ki pi estriktire nan lekòl ak kenbe menm estrikti sa a lakay. Nan ka sa a, ou ka mete aprantisaj twalèt la nan Pwogram Edikatif Endividyèl (Individualized Education Program, IEP). Gen kèk ka kote li nesèsè mete yon espesyalis konpòtman pou ranfòse pwogram nan epi devlope yon plan. Pafwa li ka pi bon rete tann jiskaske vakans pou travay sou twalèt ak pitit ou epi ede l mete nouvo ladrès sa a nan anviwònman lekòl la. Lòt rekòmandasyon yo enkli chita pou pa plis pase 5 minit, koleksyon done (tankou siksè, lè nan jounen an, elatriye), mont ak alam pou fè timoun nan sonje chita, ak reantrènman



entesten pou evite pou pou nan lekòl. Reantrènman entesten ka diminye estrès epi amelyore kapasite pou predi kilè timoun nan gen plis chans pou fè pou pou, lè li pran avantaj de reflèks gastrokolik la. Sèvi ak lè efè medikaman laksatif anvan ak tan chita ki pwograme ka ede ak reantrènman an, men sa dwe fèt ak èd founisè swen ou.

KIJAN POU EVITE OBSTAK

Konnen orè pipi ak pou pou pitit ou a. Pifò timoun pare pou kòmanse fòmasyon twalèt lè yo ka rete sèk/pwòp pandan 2 èdtan youn apre lòt.

Èske pitit ou a souvan gen konstipasyon oswa dyare? Si se konsa, konsilte pedyat la anvan ou kòmanse pwogram twalèt la. Konstipasyon ka youn nan pi gwo baryè pou reyisit fòmasyon twalèt. Si timoun nan konstipe, konsidere teste pou ipotiwoyidism, ki souvan parèt lakay timoun ki gen sendwòm Down epi ki ka lakoz konstipasyon. Lè konstipasyon parèt, timoun nan ka fè pou pou ki gwo epi di ki bay doulè, sa ki fè li evite fè pou pou pou evite doulè a. Sa ka lakoz plis retansyon, vant gonfle, epi finalman enkoprez (lè timoun pa ka kenbe pou pou), ki ka parèt tankou dyare konstan, flit pou pou oswa tach pou pou.

Tonis misk ki ba (hypotonia) se yon lòt faktè pou konsidere. Hypotonia (tonis misk ki ba) ka rann li pi difisil pou itilize bon misk pou evakye e ekspilse pou pou nèt, sa ki lakoz retansyon pou pou, konstipasyon ak gonfleman vant.

ENFÒMASYON SIPLEMANTÈ

MWAYÈN LÈ YO APRANN FÒMASYON TWALET NAN SENDWÒM DOWN

- Sèk pandan jounen: an mwayèn 36 mwa (soti 18 rive 50 mwa).
- Kontwòl pou pou: an mwayèn 36 mwa (soti 20 rive 60 mwa; kèk sous bay 2-7 ane).
- Sèk pandan lannwit: 60% ant 7 ak 14 ane.
- Sèvi ak twalèt poukont yo: 4-5 ane.
- kontwole nèt ale lajounen kou lannwit: 98% rive 11-12 ane.

Enfòmasyon ki anwo yo soti nan Down Syndrome Education Online, Devlopman sosyal pou moun ki gen sendwòm Down, ak Sosyete Nasyonal Sendwòm Down.

KONSTIPASYON

Definisyon:

Pou pou ki di, sèk oswa difisil pou pase, swa ti kantite oswa gwo kantite.

Lakòz:

- Pa ase likid
- Pa fè ase egzèsis
- Pa ase fib
- Retansyon (pè, abitud)
- Konpòtman pa atantif oswa ipèaktif
- Maladi, alèji, oswa estrès
- Hypotonia (misk pwatrin fèb), sa ki lakoz evakyasyon enkonplè



ENKOPREZ

Definisyon:

Dyagnostike apre 4 ane (oswa nivo devlopman 4 ane); timoun k ap poupou lòt kote ke nan twalèt; sa enkli salte, ti boul, oswa poupou ki konplè.

Lakòz:

- Devlopman tal
- Konpòtman
- Konstipasyon alontèm

Estatistik:

Konstipasyon reprezante plis pase 25% nan tout vizit lakay gastwoentewològ pedyatrik;¹ li trè komen nan popilasyon an jeneral²:

- 2.8% nan timoun 4 an
- 1.9% nan timoun 6 an
- 1.6% nan timoun 10-11 an

Plis pase 90% nan ka enkoprez ki soti nan konstipasyon fonksyonèl (ki pa gen kòz medikal)

Tretman:

- Netwayaj entesten ak dòz ki wo polietilèn glikol (Miralax) ak sena (Ex-Lax) oswa lòt medikaman ki sanble, epi kontinye pran medikaman sa yo.
- Orè chita ki pwograme.
- Jwèt pou soufle pandan tan chita pou ankouraje poupou: siflèt, moulinet, jwèt fèt, ti boul savon, soufle yon ti moso papye twalèt pou yon paran trape li.
- Rejim ki rich an fib (fwi, legim, sereyal antye) ak anpil dlo.
- Fè egzèsis chak jou avèk aktivite.
- Si gen enkyetid konpòtman, sikolojik oswa medikal: chèche sipò ki apwopriye.

ENKONTINANS IRINÈ PANDAN LAJOUNEN

Definisyon:

Lage pipi san kontwòl pandan lè reveye apre laj 4 an (oswa laj devlopman 4 an); pami pwoblèm ki pi komen pandan anfans.

Lakòz:

- Enfeksyon nan aparèy irinè
- Maladi ki ogmante kantite pipi (egzanp: dyabèt ensipid oswa melitus)
- Maladi ki afekte nè blad pipi ak misk ki kontwòle lage pipi (egzanp: mwèl epinyè kole)
- Poupou an kantite oswa konstipasyon
- Mank siveyans
- Lòt: Devlopman, konpòtman, elatriye.

Tretman:

- Trete kòz prensipal la (konstipasyon, enfeksyon, lòt)
- Bay siyal pou fè pipi pandan lè reveye
- Konsidere itilize mont ak alam
- Bwè ase dlo pandan tout jounen an
- Chèche sipò konpòtman, medikal oswa sikolojik ki apwopriye



ENKONTINANS LANNWIT

Definisyon:

Pipi nan kabann apre laj 7 an (oswa laj devlopman 7 an); SAN PA FÈ EKSPÈ; komen nan popilasyon an gen anviwon 1% adolesan ki toujou mouye kabann.³

Lakòz:

- Twòp pou pou (konstipasyon)
- Ti blad pipi
- Istwa fanmi ak pipi nan kabann jiska pi gran laj
- Dyabèt ensipid oswa melitus
- Enfeksyon nan aparèy irinè
- Dòmi fon oswa twòp fatig

Tretman:

- Trete konstipasyon si sa nesesè
- Bwè dlo pandan tout jounen an
- Pafwa limite dlo apre dine ak fè pipi anvan dòmi ede.
- Konsidere itilize alam pou lannwit ("alam pipi nan kabann"). Kolabore ak founisè ou pou aprann kijan pou itilize sistèm sa yo pou ankouraje siksè.
- Sonje menm jan ak wonfle lannwit, pitit ou a pa kontwole pipi kabann li.



PWOCHEN ETAP AK RESOUS KI KA EDE W

Pedyat lokal ou.

Vebinè Fòmasyon Twalèt Boston Children's Hospital Down Syndrome Clinic

Pwogram Doulè ak Enkontinans (Pains and Incontinence Program, PIP) pou konsiltasyon endividyèl (617-355-7025).

Boston Children's Hospital Toilet School (617-355-7025), pou w aprann sou pwogram 6 semèn pou paran ak timoun ki itilize dyamik an gwoup.

Referans

1. Colombo JM, Wassom MC, Rosen JM. Konstipasyon ak enkoperezis nan anfans *Pediatr Rev*; 36: 2015; 392-401.
2. Schonwald A, Rappaport L. Enkoprezis: evalyasyon ak jesyon. *Pediatr Rev*; 25: 2004; 278-283.
3. Swithinbank LV, Brookes ST, Shepard AM, Abrams P. Istwa natirèl sentòm urin pandan adolesans. *Br J Urol*. 81, 1998 (suppl 3): 90-93.



Liv

Toilet Tales, ekri ak ilistre pa Andrea Wayne von Konigslow. Annick Press Ltd., Toronto, Canada M6M1H9

A Potty for Me pa Karen Katz

Once Upon a Potty pa Alona Frankel (vèsyon ti gason ak vèsyon ti fi).

Mr. Rogers' Potty Training (Fòmasyon twalèt Mr. Rogers)

Everyone Poops pa Taro Gomi

Liv ki ankouraje eseye

The Little Engine That Could pa Watty Piper

Franklin Rides a Bike pa Paulette Bourgeois ak Brenda Clark (Scholastic Inc.)

Franklin in the Dark pa Paulette Bourgeois ak Brenda Clark (Scholastic Inc.)

Poupe pou twalèt (potty dolls)

Elmo

Poup Melissa & Doug

Jwèt beny 'Potty Duck'

Poup ti gason anatomikman kòrèk (gen tou yon vèsyon ti fi; vèsyon gason an pipi si ou peze vant li).

"Potty Scotty" oswa "Potty Patty"

Potty Monkey (vini ak yon ti twalèt jwèt)

Cabbage Patch Kids Doll Potty (fè son pou tire dlo ak pou pipi).

Insert/èd pou twalèt

BabyBjörn Toilet Trainer (gen yon mekanis pou fikse sou chèz twalèt la; byen kontoure): www.amazon.com

Bemis 1483 "Next Step" potty seat: ranplase chèz twalèt nòmal la; fasil pou enstale; mekanis fèmèn dous pou evite pennen dwèt: www.homedepot.com

The First Years Soft Grip Potty Seat (gen manch pou sekirite timoun ak gad anti-eklak pou ti gason): www.t.store.schoolspecialty.com

Squatty Potty vann sou entènèt oswa nan Bed Bath & Beyond.

Revèy vizyèl

www.funandfunction.com

Orè vizyèl: Gade Pinterest pou lide sou fòmasyon twalèt. Fòmasyon twalèt — pou jwenn ide.

Echanj foto

www.do2learn.com

Aplikasyon iPhone

Potty Training: Learning with the Animals, \$1.99.

Potty Training Story, \$3.99.

See Me Go Potty, English, \$1.99.

One Step at a Time: Toilet Tips — \$1.99 (Gen tou PECS trè detaye ki soti Ostrali)

Videyo sou kijan kò a fonksyone ak kijan konstipasyon ka sibtil epi lakoz enkòperezis.

"The Poo in You" soti nan Children's Hospital Colorado:
www.childrenscolorado.org

ABOUT THE AUTHOR / SOU OTÈ A

Sherry Tsai, CPNP se yon enfimye pratik pedyatrik nan Boston Children's Hospital, nan Divizyon Medsin Devlopmanal, kote li fè pati ekip Sendwòm Down la. Li patisipe tou nan Pwogram Doulè ak Enkontinans, kote li wè pasyan ak fanmi ki gen divès bezwen devlopmanal epi ki gen difikilte pou etabli ale nan twalèt ou kontwòl pipi/poupou yo; li se lidè medikal pou Pwogram Lekòl Twalèt (Toilet School Program) DMC a.



Dokiman sa a te modifiye ak revize pa Dr. Emily Jean Davidson ak Dr. Nicole Baumer.

Pwogram Sendwòm Down (Down Syndrome Program) remèsye pou finansman ak sipò Edikasyon Lidèchip nan Neurodevlopman ak Lòt Twoub ki Gen Rapò (Leadership Education in Neurodevelopmental and Related Disorders, LEND), yon pwogram Institute for Community Inclusion (ICI) nan Boston Children's Hospital, pou pwodiksyon ti liv sa a.





Boston Children's Hospital Pwogram Sendwòm Down

www.childrenshospital.org/downsyndrome

www.facebook.com/bostondsp

Telefòn: 857-218-4329

Faks: 617-730-0252



Manm ekip Pwogram Sendwòm Down



**Boston
Children's
Hospital**

© 2019 Boston Children's Hospital (© 2019 Lopital Timoun Boston).
Nenpòt itilizasyon enfòmasyon nan ti liv sa a dwe bay rekonesans
Lopital Timoun Boston kòm sous la, epi site non bwochi a ak non otè
a. Pou repwodui oswa tradui bwochi sa a, ou bezwen otorizasyon
klè, alekri, davans.